**दिन–गुरूवार** **दिनांक–21.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ सावन मेला आ बाढि सँ पूर्व तैयारीक समीक्षा लेल एक उच्चस्तरीय बैसार कयलनि। मुख्यमंत्री सचिवालय मे आयोजित एहि बैसार मे अधिकारी लोकनि के बाढि राहत आ बचाव काज के तीव्र गति सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि। सावन मेला में श्रद्धालु लोकनिक सुविधा आ सुरक्षा लेल सेहो व्यापक प्रबंध कयल जयबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे कांवरियां सभ के कोनो दिक्कत नहि हेबाक चाही। बैसार मे उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव समेत कतेको विभागक मंत्री सेहो उपस्थित छलाह। पटना मे आयोजित पुलिस विभागक एक आन कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्य मे हरहाल मे सुशासन बनल रहत। ओ सड़क दुर्घटना मे मृत पुलिसकर्मीक परिजन के बीमाक चेक सेहो सौंपलनि।

---

जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय झा कहलनि अछि जे मिथिला पेंटिंग विश्वपटल पर भारतक सांस्कृतिक कुटनीतिक सशक्त माध्यम बनि रहल अछि। ओ प्रधानमंत्री द्वारा नीदरलैंडक प्रधानमंत्री के मिथिला पेंटिंग आ यूएईक युवराज के मखान भेंट कयला पर एकरा मिथिलाक गौरव कहैत प्रधानमंत्रीक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

---

संघ लोक सेवा आयोग, यूपीएससी चौबीस मई के होबयवला भारतीय प्रशासनिक सेवा प्रारंभिक परीक्षाक वास्ते तीन नव परीक्षा केंद्र शुरू कयलक अछि। आयोगक अनुसार केंद्र पर भीड़ कम करबाक लेल भुवनेश्वर, कानपुर आ मेरठ में परीक्षा केंद्र स्थापित कयल गेल अछि। एहि संग देशभरि में केंद्रक कुल संख्या तेरासी भऽ गेल। आयोगक अध्यक्ष डॉ. अजय कुमार कहलनि जे ई सुनिश्चित कयल जा रहल अछि जे दिव्यांग उम्मीदवार के हुनक पसंदक परीक्षा केंद्र आवंटित कयल जाय। एहि वर्ष सिविल सेवा प्रारंभिक परीक्षा–दू हजार छब्बीस लेल कुल आठ लाख उन्नैस हजार सँ बेसी आवेदन प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————————

देश आइ पूर्व प्रधानमंत्री राजीव गांधीक पुण्यतिथि पर हुनका श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। आजुके दिन वर्ष उन्नैस सय एकानवे मे पूर्व प्रधानमंत्री आतंकवादी सभक षड्यंत्रक शिकार भेल छलाह। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पोस्ट मे पूर्व प्रधानमंत्री के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि। पटना स्थित कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे पार्टीक वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता लोकनि राजीव गांधीक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। आजुक दिन संपूर्ण देश मे आतंकवाद विरोधी दिवसक रूप मे सेहो मनाओल जाइत अछि। एहि दिवस के मनेबाक उद्देश्य युवा लोकनि के आतंकवाद आ हिंसाक संस्कृति सँ दूर राखब अछि। एहि अवसर पर दरभंगा, सहरसा समेत आनो जिला मे शपथ ग्रहण समारोह सहित कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल।

———————————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार विभाग मे आर्थिक अपराध इकाई ईओयूक विशेष सेल गठित कयल गेल अछि। विभागीय मंत्री दिलीप जायसवाल जनौलनि जे ई सेल विभाग मे व्यवस्था सुधार आ भ्रष्टाचार पर नजरि राखत।

———————————————————————————

काल बैशाखीक प्रभाव सँ प्रदेशक विभिन्न भाग मे अन्हर–बरखाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग खगड़िया, मधेपुरा, सहरसा, सुपौल, सीतामढ़ी, मधुबनी, अररिया, किशनगंज, कटिहार समेत प्रदेशक उत्तरी भाग में अधिकांश ठाम अन्हर–बरखा हेबाक आ ठनका खसबा के लऽकऽ अलर्ट जारी कयने अछि। एम्हर, दक्षिण बिहारक अधिकांश भाग मे भीषण गर्मीक प्रकोप बनल अछि। पटना, गया, नालंदा, भभुआ, रोहतास, औरंगाबाद, अरवल समेत राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे अधिकांश स्थान पर लू चलबाक स्थिति बनल अछि। पटना आ लऽगपासक क्षेत्र मे गर्मी बढ़ला आ उमस सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि।

———————————————————————————

सुपौल जिलाक वीरपुर में शैलशपुर चौकी लऽग एसएसबी जवान लोकनि एक नेपाली महिला सँ हरिणक सींग बरामद कयलक अछि। आरोपी महिला के हिरासत मे लऽकऽ पूछताछ कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक खजौली रेलवे स्टेशन लऽग जयनगर–पटना इंटरसिटी एक्सप्रेसक इंजन में ट्रैक पर खसल एक मोटरसाइकिल फंसि गेल। ट्रेन चालकक सूझबूझ सँ दुर्घटना नहि भेल। रेल अधिकारी लोकनि मामिलाक जांच कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

अररिया जिलाक पलासी प्रखंडक पांच पंचायत मे आइ जनजातीय गरिमा उत्सवक अंतर्गत शिविरक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल